

# Depatman Sèvis Sosyal New Jersey

## Plan Aksè Lang

An akò avèk P.L. 2023, c.263

**Dat Plan an antre an vigè:** 15 Desanm 2025

---

### Kowòdonatè Aksè nan Lang (Language Access Coordinator, “LAC”)

Pi bon fason pou piblik la kontakte ajans lan konsènan efò ak sèvis aksè lang se kontakte (LAC) la :

- Non : Tonya Powell, Kowòdonatè Aksè nan Lang lan
- Nimewo telefòn : (609)542-9090
- Direksyon imel : [DHSLanguageAccess@dhs.nj.gov](mailto:DHSLanguageAccess@dhs.nj.gov)
- Sitwèb : [New Jersey Department of Human Services](https://www.nj.gov/human-services/)

---

### Entwodiksyon

Plan Aksè Lang sa a ("Plan") konfòm ak Lwa Aksè Lang New Jersey a., [P.L. 2023, c.263](#) ("Lwa"), kòm yon pati nan angajman New Jersey pou rann resous gouvènman nou yo pi aksesib pou divès rezidan Eta nou an. Lalwa a egzije pou ajans Leta yo bay sèvis asistans lang epi pibliye yon plan aksè lang ki eksplike kijan y ap kominike avèk moun ki pa pale anpil angle, epi ki sèvis y ap ofri pou ede yo.

Yon plan<sup>1</sup> aksè lang se yon dokiman ki dekri sèvis yon antite<sup>2</sup> gouvènman eta a ak anplwaye li yo oblije bay pou asire moun ki pa pale anglè byen gen aksè siyifikatif nan pwogram, sèvis ak aktivite li yo.

Lè yon moun gen yon konpetans limite nan lang angle a, sa vle di li pa pale angle kòm lang prensipal li epi li ka gen yon kapasite limite pou li, ekri, pale ak/oswa konprann angle.

---

<sup>1</sup> P.L. 2023, c.263 egzije pou “[chak] antite gouvènman Eta nan Branch Egzekitif la ki bay sèvis dirèk bay piblik la, an konsiltasyon ak Depatman Sèvis Imen, Depatman Lalwa ak Sekirite Piblik, ak Biwo Teknoloji Enfòmasyon, devlope epi pibliye yon plan aksè lang ki dwe reflete kijan antite a pral konfòme li avèk dispozisyon lwa sa a.”

<sup>2</sup> An akò avèk P.L. 2023, c.263, yon "antite gouvènman Eta a" defini kòm "nenpòt depatman oswa ajans Eta nan Branch Egzekitif la ak nenpòt komisyon, konsèy, biwo, divizyon, biwo, oswa enstriman ladan l ki bay sèvis dirèk bay piblik la.”

Dokiman sa a bay enfòmasyon sou:

- Ajans nou an ak fason nou kominike avèk piblik la.
- Popilasyon ki gen Konpetans Limite nan Angle (Limited English Proficiency, “LEP”) ke nou sèvi oswa ki gen chans pou nou sèvi.

Li dekri tou kijan ajans nou an:

- Idantifye bezwen lang yo.
- Bay sèvis asistans lang.
- Asire ke sèvis asistans lang yo gen bon kalite.
- Enfòmasyon piblik la sou sèvis asistans lang gratis ki disponib yo.
- Kenbe piblik la enfòmasyon sou efò nou yo pou nou swiv Lwa Aksè Lang New Jersey a.
- Fòmasyon anplwaye yo sou fason pou sèvi moun ki gen.
- Swiv Lwa Aksè Lang New Jersey a.

---

## Tab Kontni

|                                                                                                |    |
|------------------------------------------------------------------------------------------------|----|
| Depatman Sèvis Sosyal New Jersey Plan Aksè Lang .....                                          | 1  |
| Kowòdonatè Aksè nan Lang (Language Access Coordinator, “LAC”) .....                            | 1  |
| Entwodiksyon .....                                                                             | 1  |
| Tab Kontni .....                                                                               | 3  |
| A. Ajans nou ak fason nou kominike avèk piblik la .....                                        | 4  |
| B. Popilasyon ki pa pale anglè byen ke ajans nou an ap sèvi oswa gen chans pou l<br>sèvi ..... | 5  |
| C. Detèmine Bezwen pou Sèvis Asistans Lang ak Idantifikasyon Lang .....                        | 7  |
| D. Pwovizyon Sèvis Asistans Lang.....                                                          | 9  |
| E. Metòd pou Asirans Kalite .....                                                              | 11 |
| F. Avi Piblik Konsènan Disponibilite Sèvis Asistans Lang Gratis .....                          | 12 |
| G. Angajman ak Kontak ak Patnè yo.....                                                         | 13 |
| H. Fòmasyon Anplwaye yo.....                                                                   | 13 |
| I. Pwosesis pou Kenbe Dosye, Siveyans Konfòmite, ak Rapò.....                                  | 14 |
| Apendis 1: Envantè Dokiman Vital ki Tradwi yo .....                                            | 16 |

---

## **A. Ajans nou ak fason nou kominike avèk piblik la**

### **1. Misyon Ajans lan**

Depatman Sèvis Sosyal New Jersey (DHS) se pi gwo ajans eta a. Li desèvi anviwon 2.1 milyon moun nan New Jersey, oswa anviwon youn sou chak senk rezidan nan eta a ak youn sou chak twa timoun. Nou desèvi moun ki pi gran nan New Jersey, moun ak fanmi ki gen ti revni; moun ki gen andikap devlopman, oswa andikap ki parèt ta; moun ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, ki soud, ki gen pwoblèm pou tandè, oswa ki soud-avèg; paran ki bezwen sèvis gadri, sipò pou timoun ak/oswa swen sante pou pitit yo; moun k ap fè fas ak abi sosyal ak sante mantal; ak fanmi k ap fè fas ak depans medikal katastwofik pou pitit yo. Atravè divizyon nou yo, nou bay anpil pwogram ak sèvis ki fèt pou bay moun ak fanmi ki kalifye èd yo bezwen pou defi ekonomik ak sante. Yo enkli asirans sante atravè NJ FamilyCare oswa Medicaid, asistans manje atravè NJ SNAP, sipò pou lavi endepandan, sèvis swen pèsònèl, ak anpil lòt ankò.

### **2. Kijan nou kominike avèk piblik la**

Depatman Sèvis Sosyal New Jersey (DHS) la entèrajji avèk piblik la atravè plizyè chanèl pou li ka fè pwogram ak sèvis li yo aksesib nan tout eta a. Rezidan yo ka kontakte ajans DHS yo nan telefòn, pa imèl ak lapòs, epitou atravè sèvis liy asistans, sant apèl ak platfòm konferans videyo tankou Zoom oswa Teams. Aplikasyon anliy yo, sit entènèt ajans yo ak bilten yo bay plis aksè a enfòmasyon ak sèvis yo. Anplwaye DHS yo rankontre tou ak rezidan yo nan evènman kominotè yo, nan lekòl yo, nan bibliyotèk yo, nan fwa sante ak resous yo, nan konferans ak nan reyinyon piblik yo. Anplis evènman sa yo, gen kèk divizyon ki fè vizit lakay yo, konsiltasyon nan biwo yo ak aktivite mobil pou ede moun nan pwòp kominote yo. Yo distribye enfòmasyon sou entènèt epi rapò sou papye nan tout divizyon yo, tankou bwochi, feyè, rapò ak dokiman miltileng. Pou asire yon aksè ekitab a pwogram ak sèvis yo, anplwaye miltileng, ansanm ak sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki anba kontra ak leta a, disponib pou ede rezidan ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP) oswa ki gen bezwen kominikasyon.

### **3. Antite Patisipan yo**

1. Fon Sekou pou Maladi Grav Timoun (CICRF) – (Nan, men pa fè pati, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal)

2. Komisyon pou Avèg ak Moun ki Andikape Vizyèlman (CBVI)
3. Divizyon Sèvis pou Granmoun Aje (DoAS)
4. Divizyon pou Moun Soud ak Moun ki gen Difikilte pou Tande (DDHH)
5. Divizyon pou Andikap Devlopmanal (DDD)
6. Divizyon pou Sèvis pou Moun ki Andikape (DDS)
7. Divizyon pou Devlopman Fanmi (DFD)
8. Divizyon Asistans Medikal ak Sèvis Sante (DMAHS)
9. Divizyon Sante Mantal ak Sèvis Abi Sibstans (DMHAS)
10. Biwo Nouvo Ameriken (ONA)
11. Biwo pou Prevansyon Andikap Devlopman (OPDD)
12. Biwo Entegrite ak Responsabilite Pwogram (OPIA)

---

## **B. Popilasyon ki pa pale anglè byen ke ajans nou an ap sèvi oswa gen chans pou l sèvi**

Lalwa a egzije pou ajans Leta yo bay sèvis asistans lang pou moun ki pa pale anglè byen. Sa enplike idantifye bezwen popilasyon y ap sèvi oswa ki gen chans pou sèvi yo, ki kouvri tou de sipò lang ekri ak pale.

Anba Lalwa a, ajans yo dwe tradui dokiman<sup>3</sup> ak enfòmasyon enpòtan nan sèt (7) lang ki pi souvan pale pa moun ki gen nan New Jersey. Pou detèmine sèt lang prensipal sa yo, ajans nou an itilize done resansman Etazini (ki gen ladan done ki soti nan Sondaj Kominote Ameriken an) epi li konsilte ak Ajans ki Responsab nan Aplikasyon Aksè Lang yo.

Done sa yo ede ajans nou an konprann lòt karakteristik lengwistik kominote n ap sèvi kounye a oswa kominote n ap gen chans pou n sèvi yo, pou asire yon planifikasyon aksè lengwistik efikas.

Nan moman Plan sa a, lang prensipal moun ki gen nan New Jersey pale yo se:

1. Panyòl
2. Pòtigè (preferans pou dyalèk brezilyen an)

---

<sup>3</sup> Dokiman vital yo defini nan P.L. 2023, c.263 kòm "dokiman ki afekte oswa bay enfòmasyon legal sou aksè a, retansyon, revokasyon, oswa esklizyon nan sèvis oswa benefis pwogram nan; ki lalwa egzije; oswa ki eksplike dwa legal yo."

3. Koreyen
4. Gujarati
5. Chinwa (ki gen ladann Mandarin ak Kantonè)<sup>4</sup>
6. Kreyòl franse oswa kreyòl Ayisyen
7. Arabik

## **1. Ajoute Lang Anplis Sèt Pi Gwo Yo nan Nivo Eta a**

Lalwa a egzije tou pou ajans Leta yo tradui dokiman vital nan nenpòt lòt lang ajans lan konsidere nesesè selon popilasyon y ap sèvi a.

Ajans nou an pran desizyon sa a konsènan adisyon lang ki depase 7 premye yo:

Pifò ajans DHS yo pa idantifye yon bezwen pou tradui dokiman nan lòt lang apa de sèt lang popilasyon New Jersey ki gen konpetans limite nan lang anglè (LEP) pale. Sepandan, apeprè 30% nan divizyon yo te detèmine ke plis tradiksyon apa de sèt lang sa yo nesesè dapre egzijans pwogram yo oswa popilasyon y ap desèvi yo. Gen kèk ajans ki te endike ke asistans tradiksyon disponib nan lòt lang atravè Avi Babel ak zouti tradiksyon sou entènèt. Tout divizyon yo ap kontinye evalye bezwen lang yo regilyèman.

---

---

## **2. Lang ki disponib pou sèvis entèpretasyon yo**

Dapre Lalwa a, ajans Leta yo oblije bay sèvis entèpretasyon ant ajans lan ak yon moun nan lang prensipal moun sa a lè y ap bay sèvis oswa benefis.

## **3. Popilasyon ki gen (Limited English Proficiency, “LEP”)**

[Dekri popilasyon ki gen ki kominike oswa ki gen chans pou kominike avèk ajans nou an oswa ki nan bezwen oswa ki kalifye pou sèvis ajans nou an. Sa ka gen ladan nenpòt efò

---

<sup>4</sup> Malgre ke Chinwa pale a gen ladan l sitou Mandarin ak Kantonè, tradiksyon an ta dwe adapte ak Chinwa senplifye ak Chinwa tradisyonèl pou kominikasyon ekri.

pou idantifye karakteristik oswa bezwen lengwistik espesifik atravè done entèn oswa lòt ansanm done ki enpòtan,

tankou enfòmasyon ki soti nan founisè sèvis lengwistik, distri lekòl, òganizasyon ki baze nan kominote a, asosyasyon biznis, elatriye.

DHS desèvi epi entèrajji avèk yon pakèt rezidan ki pgen konpetans limite nan lang anglè. Sa yo enkli kominote imigran, migran, refijye, ak moun ki ap mande azil ki ka fèk rive oswa rezidan depi lontan ki gen diferan nivo konpetans nan lang anglè. Fanmi ak moun k ap viv ak andikap entelektyèl, devlopman, oswa fizik yo tou fè pati moun k ap resevwa sèvis yo, anpil ladan yo bezwen sipò kominikasyon. Moun ak fanmi ki enskri nan Medicaid ki ka fòme yon lòt popilasyon enpòtan ki pa pale anglè LEP. Anplis de sa, anpil rezidan LEP jwenn aksè a sèvis sante mantal ak sèvis pou itilizasyon sibstans, tankou sipò pou tretman ak rekipasyon, repons a kriz, ak pwogram prevansyon swisid. Referans pou pwogram ak sèvis yo soti nan plizyè anviwònman tankou lekòl, lopital, founisè swen sante, òganizasyon kominotè ak òganizasyon ki baze sou lafwa, ak ajans sèvis sosyal. Lòt popilasyon ki ka bezwen asistans entèpretasyon oswa Tradiksyon, gen ladan moun ki pa gen kay, etidyan entènasyonal, ak moun ki nan prizon k ap chèche aksè a sèvis sante ak sosyal. DHS desèvi tou popilasyon ki gen bezwen kominikasyon ki depase lang pale. Sa gen ladan moun ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande ki itilize Lang Siy Ameriken oswa lòt lang siy. Finalman, gadyen legal yo, aplikan yo, founisè yo, ak lòt moun ki gen enterè nan LEP yo souvan entèrajji avèk pwogram DHS yo lè y ap sipòte manm fanmi yo, aplike pou benefis yo, oswa bay sèvis ki sou kontra.

---

---

### **C. Detèmine Bezwen pou Sèvis Asistans Lang ak Idantifikasyon Lang**

Lè yon moun ki gen kontakte ajans nou an, anplwaye yo dwe evalye si asistans lang lan nesèsè nan fason sa yo (Tablo 1–3).

**Tab 1: An-Pèsòn**

| Deskripsyon                                                                                                               | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Oto-idantifikasyon volontè pa moun nan oswa konpayon li                                                                   | X                                          |
| Itilizasyon kat idantifikasyon lang miltileng, afich oswa èd vizyèl (pa egzanp, afich "I speak")                          |                                            |
| Èd nan men anplwaye ki resevwa fòmasyon pou idantifye lang prensipal moun nan                                             | X                                          |
| Sipò nan men yon entèprèt kalifye (an pèsòn, nan telefòn ak/oswa a distans) pou idantifye/konfime lang prensipal yon moun | X                                          |
| Lòt (presize):                                                                                                            |                                            |

**Tab 2: Kominikasyon telefonik**

| Deskripsyon                                                                                                               | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Oto-idantifikasyon volontè pa moun nan oswa konpayon li                                                                   | X                                          |
| Èd nan men anplwaye ki resevwa fòmasyon pou idantifye lang prensipal moun nan                                             | X                                          |
| Sipò nan men yon entèprèt kalifye (an pèsòn, nan telefòn ak/oswa a distans) pou idantifye/konfime lang prensipal yon moun | X                                          |
| Lòt (presize): CBVI: Yon moun soud-avèg ki rele biwo a ta pase nan yon sèvis relè videyo.                                 | X                                          |

**Tab 3: Kominikasyon Elektwonik**

| Deskripsyon                                                                                | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|--------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Avi sou sèvis asistans lang ki disponib sou sitwèb ajans lan                               | X                                          |
| Enklizyon sou eslogan plizyè lang nan fòm, lèt ak/oswa kominikasyon pa imèl ki aplikab yo. | X                                          |
| Chatbot miltileng sou sit entènèt la                                                       | X                                          |



| Deskripsyon                                                                                                                                                 | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Itilizasyon zouti tradiksyon otomatik sèlman pou idantifye lang prensipal la                                                                                | X                                          |
| Lòt (presize): DDHH: Evalyasyon korespondans imel ak oto-idantifikasyon atravè imel.                                                                        | X                                          |
| DDS: Meni deroulan sou sitwèb DDS la + Sant Enfòmasyon sou Andikap ki tradui sit la an Chinwa, Fransè, Gujarati, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Pòtigè ak Panyòl. | X                                          |

## D. Pwovizyon Sèvis Asistans Lang

### 1. Tradiksyon Dokiman Vital

Lalwa egzije tradiksyon dokiman enpòtan yo. Dokiman vital yo defini nan P.L. 2023, c.263, kòm "dokiman ki afekte oswa bay enfòmasyon legal sou aksè a, retansyon, revokasyon, oswa eskizyon nan sèvis oswa benefis pwogram nan; ki lalwa egzije; oswa ki eksplike dwa legal yo."

Ajans nou an gen resous sa yo disponib pou tradiksyon dokiman enpòtan yo (Tablo 4).

**Tab 4: Resous pou Tradiksyon Dokiman Enpòtan yo**

| Resous                                                                 | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Anplwaye miltileng ki kalifye, ki resevwa fòmasyon, ak/oswa ki deziyen | X                                          |
| Kontraktè yo                                                           | X                                          |
| Lòt (presize): DDHH: Kominikasyon DHS pou tradiksyon an panyòl.        | X                                          |

Tradiksyon dokiman enpòtan yo se yon pwosesis kontinyèl. Apendis 1 an bay yon envantè dokiman enpòtan ki tradui jiska dat piblikasyon sa a. Lis sa a pral kenbe epi mete ajou omwen yon ane kòm yon pati nan rapò anyèl la.

### 2. Sèvis Entèpretasyon Lang

Ajans nou an gen resous gratis sa yo disponib pou demann entèpretasyon lang pale oswa lang siy (Tablo 5).

**Tab 5: Resous pou Demann Entèpretasyon Lang Oral oswa Lang Siyal**

| Resous                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                   | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Asistans nan men anplwaye miltileng ki kalifye, ki resevwa fòmasyon, ak/oswa ki deziyen pou ede yo                                                                                                                                                                                                                                                                                       | X                                          |
| Sèvis entèpretasyon pa telefòn                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                           | X                                          |
| Sèvis entèpretasyon an pèsòn                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                             | X                                          |
| Sèvis entèpretasyon videyo a distans                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                     | X                                          |
| Lòt (presize): CBVI: Moun soud-avèg ki kontakte ajans lan ka fè sa atravè yon Sèvis Relè Videyo. Nou genyen tou anplwaye bileng (sitou moun ki pale panyòl). Nou gen twa travayè sosyal ki se espesyalis pou moun ki soud-avèg epi ki ka kominike nan lang siy yo. Nou pwograme entèprèt pou moun soud yo tou lè sa nesesè.<br><br>ONA: Kolabore ak DDHH pou asistans/sipò nan lang siy. | X                                          |

### 3. Ekipman ak Sèvis Aksè Anplis

**Tab 6: Ekipman ak Sèvis Aksè**

| Ekipman oswa Sèvis                                                                                                                                                | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Meni vokal telefòn pou èd ak pwogram ajans yo disponib nan lang sa yo (presize):                                                                                  |                                            |
| Anplwaye miltileng ki resevwa fòmasyon ka kominike avèk moun ki gen nan lang yo chwazi, tankou (presize):                                                         | X                                          |
| Aksè a ekipman oksilyè tankou bouk endiksyon oditif, aparèy pou pale nan pòch, sous-titre, entèpretasyon videyo a distans ak/oswa ekipman entèpretasyon similtane | X                                          |
| Sèvis atravè ajans patnè ki sèvi moun ki bezwen èd oksilyè yo, tankou:                                                                                            | X                                          |
| Divizyon Moun Soud ak Moun ki gen Difikilte pou Tande nan                                                                                                         | X                                          |

| Ekipman oswa Sèvis                                                                                                                                                                                                                                                                                                     | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Depatman Sèvis Imen an                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |                                            |
| Lòt (presize): DDHH: Itilizasyon sèvis sipò nan lang pa anplwaye yo, tankou sèvis relè ak entèpretasyon.<br><br>DMHAS: Pwovizyon aparèy ak ekipman asistans, disponiblite sou-titraj ak transkripsyon pawòl-an-tèks, ak aksè a entèprèt lang siy lè sa nesesè.<br>DMHAS espere itilize aparèy pou ranfòse wifi alavni. | X                                          |

## E. Metòd pou Asirans Kalite

Pou asire sèvis asistans lang yo egzak, kalite siperyè, epi konpetan sou plan kiltirèl, aktivite ki an kou oswa ki prevwa yo enkli (Tablo 7):

**Tab 7: Metòd pou Asirans Kalite**

| Metòd                                                                                                                                                                                       | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Priyorite pou itilizasyon langaj senp                                                                                                                                                       | X                                          |
| Sèvi ak kontraktè verifye ki aplike estanda asirans kalite pou asire ke lengwis li yo gen eksperyans, fòmasyon, epi sètifye jan sa apwopriye epi yo konpetan lengwistikman ak kiltirèlman   | X                                          |
| Kontwòl ak swiv kalite sèvis entèpretasyon ak tradiksyon ke founisè yo bay, epi fòme anplwaye yo pou kontwòl kalite sèvis sa yo.                                                            | X                                          |
| Ki gen ladan egzijans asirans kalite nan kontra ak vandè yo, pa egzanp, glosè, revizyon tradiksyon, itilizasyon memwa tradiksyon, lojisyèl lokalizasyon, piblikasyon sou òdinatè, elatriye. | X                                          |
| An patenarya avèk òganizasyon kominotè yo pou verifye kalite sèvis entèpretasyon ak tradiksyon yo regilyèman                                                                                | X                                          |
| Fè tès peryodik sou dokiman tradui yo ak sèvis entèpretasyon nan diferan lang yo                                                                                                            | X                                          |
| Asire bon jan kalite ak bon antretyen ekipman ak èd oksilyè yo, tankou bouk endiksyon oditif, aparèy pou pale nan pòch, sous-                                                               | X                                          |

| Metòd                                               | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|-----------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| titre, tablèt, ak/oswa ekipman tradiksyon similtane |                                            |
| Lòt (presize):                                      |                                            |

## F. Avi Piblik Konsènan Disponibilite Sèvis Asistans Lang Gratis

Ajans nou an enfòm moun ki gen nan lang yo mande yo, tankou èd oksilyè ak ekipman, sou dwa yo pou sèvis asistans lang gratis nan fason sa yo (Tablo 8):

**Tab 8: Avi Piblik**

| Metòd                                                                                                         | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Panyò ak afich nan zòn ki byen vizib pou piblik la                                                            | X                                          |
| Enfòmasyon sou sitwèb ajans lan ki dekri sèvis asistans lang ki disponib, pwosesis ak dokiman Lalwa egziye yo | X                                          |
| Materyèl enprime, piblikasyon, ak piblisite                                                                   | X                                          |
| Meni vokal telefòn ki bay enfòmasyon nan lang ki pa angle                                                     | X                                          |
| Anons sèvis piblik yo                                                                                         | X                                          |
| Lòt (presize):                                                                                                |                                            |

---

## G. Angajman ak Kontak ak Patnè yo

Angajman ajans nou an avèk kominote a oswa antite ki gen enterè ki reprezante popilasyon ki gen konsènan planifikasyon ak aplikasyon aksè lang gen ladan (Tablo 9):

**Tab 9: Angajman ak Sensibilizasyon Patnè yo**

| Metòd                                                                                                                                                                              | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Fè angajman ak moun ki gen enterè yo pou enfòme planifikasyon aksè lang nou an, ki ka gen ladan sesyon koute piblik ak gwoup ak/oswa reyinyon endividyèl                           | X                                          |
| Planifikasyon pou fè epi kenbe angajman moun ki gen enterè yo pandan y ap aplike epi mete Plan sa a ajou, sa ki ka gen ladan sesyon koute piblik ak/oswa reyinyon endividyèl       | X                                          |
| Gen objektif klè ak mezirab pou pwogram/sèvis espesifik pou kontakte moun ki gen (Limited English Proficiency, “LEP”) ki soti nan diferan kominote lang                            | X                                          |
| Kenbe epi itilize lis distribisyon ki gen ladan òganizasyon ak medya kominotè lokal, divès nan domèn kiltirèl ak lengwistik pou gaye enfòmasyon konsènan sèvis aksè lang ajans lan | X                                          |
| Yon sit entènèt pou resevwa fidbak, ak/oswa yon adrès imel piblik pou kesyon, fidbak, ak/oswa enkyetid sou aksè lang                                                               | X                                          |

---

## H. Fòmasyon Anplwaye yo

Pou anplwaye ki enplike nan aplikasyon P.L. 2023, c.263, fòmasyon anyèl la gen ladan sijè sa yo (Tablo 10):

**Tab 10: Fòmasyon Anplwaye**

| Sijè                                                                                | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|-------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Obligasyon legal ajans lan pou bay sèvis asistans lang                              | X                                          |
| Règleman ak pwotokòl aksè lang ajans lan                                            | X                                          |
| Resous ak pi bon pratik ajans lan pou bay sèvis asistans lang                       | X                                          |
| Kijan pou jwenn aksè epi travay avèk entèprèt ak tradiktè                           | X                                          |
| Konpetans kiltirèl ak sansiblite kiltirèl                                           | X                                          |
| Kijan pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon                                   | X                                          |
| Kenbe dosye sèvis aksè lang yo bay moun ki gen (Limited English Proficiency, “LEP”) | X                                          |

## I. Pwosesis pou Kenbe Dosye, Siveyans Konfòmite, ak Rapò

### 1. Siveyans Entèn Anyèl

Ajans nou an siveye aplikasyon Plan sa a pou asire konfòmite avèk P.L. 2023, c.263 pa (Tablo 11):

**Tab 11: Siveyans Entèn Anyèl**

| Metòd                                                                                           | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Sipòte etablisman mekanis pou siveye aplikasyon Plan sa a pa ajans lan.                         | X                                          |
| Kolekte epi konpile done ki nesesè pou Rapò Anyèl ajans lan sou konfòmite avèk P.L. 2023, c.263 | X                                          |
| Soumèt Rapò Anyèl la alè dapre P.L. 2023, c.263                                                 | X                                          |

### 2. Kenbe Dosye Entèn

Ajans nou an ap swiv done ki gen rapò ak aksè nan lang sou yon baz kontinyèl Suivi an kou a gen ladan l [Tablo 12]:

**Tab 12: Kenbe Dosye Entèn**

| Metrik                                                                                                               | Make yon ti kwa (X) sou tout sa ki aplikab |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------|
| Frekans demann pou sèvis asistans lang                                                                               | X                                          |
| Kijan yo te satisfè demann yo                                                                                        | X                                          |
| Si yo te mande sèvis asistans lang nan lòt lang apa de sèt lang yo mande a                                           | X                                          |
| Kijan ajans lan gen entansyon avize popilasyon ki gen LEP yo sou sèvis asistans lang ki disponib yo                  | X                                          |
| Kijan ajans lan dokimante fason reyèl sèvis asistans lang yo bay moun ki gen (Limited English Proficiency, “LEP”) yo | X                                          |
| Lòt (presize):                                                                                                       |                                            |

---

## Apendis 1: Envantè Dokiman Vital ki Tradwi yo

Tradiksyon dokiman enpòtan yo se yon pwosesis kontinyèl. Apati dat piblikasyon sa a, dokiman enpòtan sa yo disponib piblikman nan lang sa yo: [New Jersey Department of Human Services](#)